



Penilaian Sumatif Akhir Semester (PSAS)

SMP POMOSDA TANJUNGANOM

Tahun pelajaran 2025/2026



Mata Pelajaran	: Bahasa Daerah	Hari, Tanggal	: Rabu, 3 Desember 2025
Kelas	: VIII	Waktu	: 60 Menit
Ustadz / Ustadzah	: Ima nur Laily	Sifat	: Tutup Buku
Nama Peserta	: (TULIS PAKAI HURUF KAPITAL)		
Kelas	: ☐ VIII-A	☐ VIII-B	☐ VIII-C
No. Peserta	:		

A. Pilihlah salah siji wangsulan sing bener!

1. “Buk mbok sing sabar ta, mosok esuk-esuk kok wis mbabon kirik, sak jane ana apa ta?” Basa rinengga kang awujud wangsulan kasebut batangane apa ?
A. esuk-esuk kok wis ngguya-ngguyu
B. esuk-esuk kok wis nesu
C. esuk-esuk kok wis nglirik
D. esuk-esuk kok kesusu budhal

Wacan kanggo wangsuli nomer 2 – 4

Tomi : “Kula nuwun.....”

Pak Tono : “Mangga, wal lha njanur gunung Tom, ana apa kok mreng?”

Tomi : “Inggih, punika wau namung mampir Pak”.

Pak Tono : “Iki mau arep menyang ngendi ?”

Tomi : “Badhe ningali ringgit wonten lapangan kecamatan Pak.”

Pan Anton : “.....”

Tomi : “Ngendikanipun tiyang-tiyang Ki Anom Suroto. Menapa Widodo wonten Pak? Menawi purun badhe kula ken ngrencangi ningali.”

Pak Anton : “Kae lali ana buri, jaken bocahe mesthi seneng.”

2. Pacelathon ing dhuwur migunakake basa rinengga yaiku tinemu ing tembung
A. kula nuwun
B. ngrencangi ningali
C. Njanur gunung
D. Ki Anom Suroto
3. Pangendikane Pak Anton ana ing pacelathon dhuwur sing pas yaiku
A. Dhalange saka ngendi lan sapa ?
B. Dhalange sapa ?
C. Dhalange sapa lan lakone apa ?
D. Dhalange kondhang ta ?
4. Arti saka basa rinengga ing pachelaton ing ndhuwur yaiku.....
A. Kadengaren
B. Njelalah
C. Mesti
D. Kebiasaan
5. “Anake pak lurah kae wis duwe bojo jenenge Sembodo, umure kira-kira telung puluh papat.” Ukara ing dhuwur manawa diowahi dadi basa karma alus.....
A. Putrane Pak Lurah nika mpun gadhah simah naminipun Sembodo, umuripun kinten-kinten tigang dasa sekawan.
B. Putranipun Pak Lurah nika sampun gadhah garwa naminipun Sembodo, yuswane kinten-kinten tigang dasa sekawan.

- C. Putranipun Pak Lurah punika kagungan garwa asmanipun Sembodo, yuswanipun kinten-kinten tigang dasa sekawan.
- D. Putrane Pak Lurah punika sampun kagungan garwa asmanipun Sembodo, yuswane kinten-kinten tigang dasa sekawan.
6. “Unen-unen kang ajeg panganggone, duwe teges pepindhan, sing dipendhakake utawa dibandhingake wonge” pangerten saka
- A. Bebasan
B. Paribasan
C. Pepindhan
D. Saloka
7. *Srawunge kaya lemah karo banyu*. Tuladha basa rinengga iki kalebu jenis apa
- A. Bebasan
B. Paribasan
C. Pepindhan
D. Saloka
8. *Kacang ora ninggal lanjaran*, basa rinengga iki kalebu jenis saloka sing nduwe teges
- A. Sipate anak ora beda adoh karo sipate wong tuwa
B. Tuminda ora bener pisan, njalari kapitungan rong warna
C. Kaya ora ana sing bisa ngalahake
D. Tumindak kanthi kesusu asile ora bakal maremake
9. *Golek wata, informasi, katrangan ngenani sawenehe bab kanggo kaperlu tartamtu*. Yaiku pengerten saka wawancara
- A. arti
B. tujuan
C. teks
D. pewawancara

Wacan kanggo wangsuli nomer 10 – 12

Darmi : *Njanur gunung* kadingaren mbakyu, *ketiban ndaru* temen aku. Panjenengan esuk-esuk kok wis tekan kene, gek kok sajak lemes kaya *wayang ilang gapite* ngono, ana kersa apa?

Marni : Iya dhik, mung pengin nggenahake prakara wingi kae lho, aja nganti *kriwikan dadi grojogan*. Aku kuwatir yen nganti ana salah paham.

Darmi : Walah, mbakyu wong prakara sepele bae, panjenengan ora perlu kuwatir, wis beres kabeh kok.

Marni : Dadi prakara wingi kae ora ndadekake *pinggete atimu* ta?

Darmi : Ora, kanggoku yen dakteruske lara ati, *kaya rebutan balung tanpa isi* bae, ora ana guna manfaate kanggo awake dhewe.

Marni : Matur nuwun ya dhik, apuranen aku, sing mung, mung anut grubyuk

(sumber: buku kirtya basa wulangan 2 budaya)

10. Ukara *pinggete atimu* saka wacan ing ndhuwur nduweni teges
- A. Bejo banget
B. Serik, nglarani ati
C. Kadengaren
D. wong sing melu-melu
11. Ana pira ukara basa rinengga saka wacan ing ndhuwur ?
- A. Enem
B. Lima
C. Sanga
D. Telu
12. Isinen titik-titik saka wacan ing ndhuwur karo basa rinengga sing pas ing isor iki!
- A. Kebat kliwat, gancang pincang
B. Asu belang kalung wang
C. Kaya lenga karo banyu
D. kaya belo melu seton

.....

- Sista : Kejawi kripik pisang kripik ingkang dipunprodhuksi punika kripik punapa kemawon?
- Bu Ninik : Kripik pohung, pisang, sukun, tela wungu, lan bothe.
- Desi : Kadospundi wiwitanipun kok bu Ninik ngedegaken usaha kripik Bu Ninik pisang punika?
- Bu Ninik : Wiwitane aku mung mrodhuksi kripik pohung, sebabe wektu kuwi bahan bakune gampang. Nanging sawise kuwi sing dadi unggulan malih kripik gedhang utawa pisang. Sebabe ing dhaerah kene sing diunggulake tanduran pisang.
- Risky : Taun pinten panjenengan wiwit prodhuksi kripik pisang punika?
- Bu Ninik : Taun 2000 Mbak.

.....

13. Pitakon apa sing ora ana saka 5W+1H?
- A. Sapa, kapan, ing endi, geneya C. ing endi, kapan, kepriye, sapa
- B. Apa, sapa, ing endi, geneya D. sapa, apa, kapan, kepriye
14. Sapa sing duwe *rumah produksi* iku?
- A. Risky C. Sista
- B. Bu Ninik D. Desi
15. Urutan sing bener nalika wawancara, yaiku
1. Ngetrapake unggah-ungguh basa cundhuk karo umure narasumber
 2. Yen narasumber lagi omong aja nganti muggel rembug
 3. Ngerteni sapa sing dijak wawancara, luwih enom, sadrajad apa luwih tuwa
 4. Migatekake wangsulan saka narasumber
 5. Pitakon kudu runtut lelandhesan pedhoman wawancara
- A. 1 – 3 – 4 – 2 – 5 C. 1 – 3 – 4 – 5 – 2
- B. 3 – 1 – 2 – 5 – 4 D. 3 – 1 – 5 – 2 – 4
16. Golekana 6 tembung Jawa Krama ing sior iki!

Arah golek tembung (↓ → ↘ ↙)

N	A	T	E	B	N	V	D	Q	W
O	G	X	S	I	R	A	M	U	F
A	K	E	X	X	B	U	N	B	M
K	T	M	N	B	R	G	K	R	U
L	Q	Q	I	D	U	I	O	Q	W
Z	Q	H	W	O	H	A	W	I	U
K	Y	A	Y	W	S	I	P	K	N
U	H	R	J	S	Q	Z	K	X	D
G	V	E	V	X	D	O	Y	A	J
J	M	G	H	G	F	L	F	G	N

B. Pilih luwih saka siji wangsulane ing isor iki kanthi menehi centang (✓) ing kotak!

17. Saka gambar ing isor iki saget disimpulaken



- ☐ Lewat ing ngarep wong luwih tua mboten ndamel sopan santun
- ☐ Lewat ing ngarep wong luwih tua kedah radi bungkok
- ☐ Ngomong yen arep lewat
- ☐ Tata krama kuwi kudu diduweni kabeh manungsa

18. Saka gambar ing isor iki saget dipendhet kesimpulan



- ☐ Nalika resik-resik kudu bebarengan
- ☐ Saling bantu siji karo liyane
- ☐ Bagi tugas yen resik-resik ben pengawean ora abot lan cepet mari
- ☐ Kelas resik sinau bisa penak

19. Saka gambar ing isor iki bisa kajupuk piwulang apa



- ☐ Saliman kaleh wong tuwa kedah tangan loro
- ☐ Sirahe kudu dingkluk
- ☐ Saliman kaleh wong tuwa ora lungguh
- ☐ Sirahe mesti danggak

Ngingu Pitik

Bapakku nduwe usaha ngingu pitik sing terkenal ning desaku. 5 kandang pitik dideleh ning mburi omah. Saben kandang pitik kui ukurane 5 x 6 meter sing cukup dinggoni 50 pitik.

Aku saben esuk ngewangi bapak makani pitik-pitik gen cepet gedhe lan iso payu larang. Pakan pitik sing dicepakne nggo makani macem-macem, mulai seko beras, jagung, nganti dedak. Gen oleh rego murah, pakan kui dituku seko tengkulak sing wis dadi langganan suwe.

Tigan teko pitik-pitik iku dijupuki saben dino nek nemu. Alhamdulillah keluargaku iso nggawe usaha dewe. Aku dewe seneng banget sinau soal ngingu pitik langsung karo bapak. Aku duweni cita-cita yen suk gedhe bakal iso nerusne usahane bapakku gen luweh gedhe.

<https://www.bola.com/ragam/read/5175362/5-contoh-cerkak-bahasa-jawa-singkat-berbagai-tema-menarik-dibaca?page=6>

20. Saka isi teks, informasi ing ngisor iki sing *bener* yaiku...

- ☐ Bapake nduwé 5 kandang pitik.
- ☐ Saben kandang ukurane 5 x 6 meter.
- ☐ Pakan pitik macem-macem: beras, jagung, dedak.
- ☐ Pakan pitik dituku seko tengkulak langganan.

21. Tujuan lan gegayuhan tokoh aku sing cocog karo teks yaiku...

- ☐ Ngewangi bapake saben esuk makani pitik.
- ☐ Arep mandheg usaha pitik amarga angel ngopeni.
- ☐ Seneng sinau ngingu pitik langsung saka bapake.
- ☐ Duwe cita-cita nerusake usaha bapake ing tembe mburi.

C. Wacanen saben soal banjur jawab *bener* utawa *salah*!

Wacan kanggo nomer 22 nganti 24

Wis adat, saben tekane mangsa rendheng kang tumiba ing sasi Desember nganti tekan tengah-tengahing April, dibarengi karo pawarta – pawarta kang ana gegayutane karo banyu udan, kayata banjir, lemah longsor, lan liyane.

Kang kelebu banjir gedhe ing wiwitaning taun iki yaiku banjir kang dumadi ing pesisir lor Jawa utawa kondhange disebut pantura Jawa. Banjir kang dumadi ing tlatah iki meh rata saka tlatah kulon kang kelebu dhaerah Jawa Barat nganti pesisir isih wetan kang kelebu ing daerah Jawa Timur.

Ing sasi – sasi kaya ngene iki, ngancik sasi Juni nganti tekan Agustus, wis bisa dibedheg, inflasi luwih dhuwur tinimbang ing sasi – sasi sadurunge. Amarga ing sasi-sasi iki akeh warga masyarakat padha ngoyak butuh lan akeh ngetokake wragad.

(Sumber: <https://www.brilio.net>)

22. Kang disebut *mangsa rendheng*, yaiku musim udan

- ☐ Salah
- ☐ Bener

23. Ngancik sasi Juli nganti tekan Agustus bakal udan deres-derese.

- ☐ Salah
- ☐ Bener

24. Banjir gedhe ana ing pintura Jawa.

- ☐ Salah
- ☐ Bener

25. “Bu mejane Ustadz Haris ning endi?” Ukara iki diomong siswa nalika karo Bu Guru

- ☐ Salah
- ☐ Benar

26. Basa rinengga tegese basa sing dipaesi.

- ☐ Bener
- ☐ Salah

D. Jangkepna kosa kata sing kosong kanthi bener!

No.	Bahasa Indonesia	Jawa Ngoko	Jawa Krama
26.		Mangan	
27.		Turu	
28.	Berdiri		
29.		Nangis	
30.			Wungu

E. Jodohna ukara ing isor iki!

31.	Suwe mijeti wohing ranti
32.	Sak ilat
33.	Mampir ing kuping
34.	Setengah ati
35.	Ketiban ndaru

A.	Ora ikhlas
B.	Lambene sing cerewet
C.	Bejo banget
D.	Samar-samar
E.	Kedadean sing cepet banget

